

SOSYETE KOUKOUY AN AKSYON

Ekriven nou yo, kit yo rele Serge Fuertes, oswa Christophe Charles, toujou ban nou lè jis nan nan dekri sa ki ap pase nan épòk pa yo. Yon rèl anmwe pou demokrasi se yon atik ki te pibl耶 nan Haïti En Marche 11 février 1992, nou reprean li. Kanta Christophe Charles, jounen jodi a, li ekril AYITI ZANTRAY MWEN, kote li pataje avèk lekèt nou yo obsevason li ak tristès li.

YON RÈL ANMWE POU DEMOKRASI AK MICHEL-ANGE HYPPOLITE (KAPTENN KOUKOUWOUJ)

Lè nou sonje dèyè mòn gen mòn, nou kab konprann chemen rezistans lan, se yon chemen ki pral long anpil. Kidon fòk nou gen fyèk ak oganizasyon pou nou suiv li an pwennkwa, san nou pa kite li manje koray nou. Sependan, si nou vle jwenn rasin atikwèt, se pou nou tout kare zèpòl nou, pou nou pote chay la jan nou kapab. Se sa menm Serge Fuertes vle fè nan «Amertume» (1991), yon liv pwezi li ekril an franse.

Serges Fuertes se yon lengwis antwopològ ki ap fè lekòl Kanada nan yon kanton ki rele Outawè. Misye pale plizyè lang epi li se yonn nan gwo foulapòt ki ap pwofonde san gade dèyè nan fondalnata lang kreyòl la andedan kék lang Afriken.

Si «Amertume» pran lari anvan liv kou kategori mo ki nan fraz kreyòl ak divès kalite fraz ki nan kreyòl la ki ap dòmi nan tiwa Serge Fuertes, se paske lòm pwopoz Dye dispoz, epitou anpil fwa se sityasyon ki fè aksyon. Konsa, lè lavi bò lakay ap bwè dlo nan nen chen, tout bouskadò konsekans blije manche plim konbatan yo pou yo antre nan batay rezistans lan.

«Amertume» parèt san klaksòn sou wout demokrasi a; men «Amertume» se yon rèl anmwe ki eklate depi nan Ispaniola, pase sou kot Lafrik, pou li vin blayi sou dap-piyant Tonton Sam, boujwa patripòch ak klasmwayèn lan fè sou pyebwa demokrasi a ki te kòmanse ap pran rasin nan peyi a.

«Amertume» se yon «recueil poèmes à clé» kote otè a genyen pataswèl pou chak gress moun ki tranpe men li nan san pèp la. Lè yon moun antre nan fon nannan «Amertume» li kapab wè batay pou demokrasi ak libète kòmanse nan peyi Ayiti depi nan épòk Rèn Anakawona te leve kanpe kont mouche Christophe Colomb apre debakman misye an katastwòf sou zile jouk rive nan moman Blan yo te vin lage zansèt nou yo sou tè sila a, Tayno yo te rele Ayiti Kiskeya Oboyo.

Lè Serge Fuertes te vle denonse abi ak brimad pèp premye nasyon zile a te pran anba men Panyòl yo, li te ekril:

«Les mousquets des envahisseurs

Ont ouvert des plaies
Aux flancs de la liberté
Dans le sang

(Génocide p. 4)

Piske depi yon lame gwo ponyèt antre nan yon peyi san pèmison pitit tè a, li pote non piyajè osnon zenglendo etranje. Serge Fuertes pa te manje manje blije son zenglendo Tonton Sam yo ki te plilonnen lonè nou kòm pèp, jou 28 jiye 1915 lan.

«Les mitrailleuses de l'occupant

Ont démantibulé le courage
Des résistants patriotes
Dans le sang.»

(Génocide p. 5)

Nan «Amertume» Serge Fuertes manche plim li pou li denonse konplo Legliz sou do pèp nou an depi 500 ane. Dayè, si nou al fouye zo nan katalou, nou va wè Legliz la pa te janm sen nan konplo pou separe lemonn tankou yon gwo gato. Li te fè separasyon sa a ant nasyon gwoponyèt nan kontinan Lewòp la ki te ap maché volètè nan épòk la. Jounen jodi a, sa pa chanje. Tan an chanje, men aksyon peze souse a la pi rèd. Men, li chanje fòm. Se poutètsa, nan «Amertume» ekriven an madichonnan Legliz, pou tout zo pwason yo ede kwoke nan gòj nou kòm pèp:

«Malheur aux judas en col amovible

...
Experts dans l'art d'encenser
Les tortionnaires, les rapiats!

...
O complices dans la destruction de mon peuple
Au nom de vos croyances discutables
Depuis cinq cents ans!!»

(Déchéance p. 24-25)

Lè Serge Fuertes ekril sou kouvèti liv la: «Amertume, poèmes de résistance pour exorciser la peur et apaiser l'angoisse: un cri pour la démocratie.» Li pa ta pe pale mete la. Dayè, tout andedan liv la, li montre nou, li pa janm pè je pou li vale tèt. Rezon an se paske nan «Amertume» li dezabiye tout panzouyis, journal obsèvètè panzouyis kou anbasadè panzouyis. Men, kòm nan pwezi gen yon fason pou sa fèt, li te sèvi ak kèk mo kle pou li te lage tout panzouyis nan deportwa kote jeneral listwa pral anpile yo a.

«Mais un trio immonde formé
D'un tortionnaire, d'un charognard, et d'un mythomane
Mais un trio immonde

A poignardé la démocratie

Pour ligoter l'espoir de tout un people

En plein cœur de la nuit»

(Barricade p. 6)

Lè ekriven an fin asezonnent tout sousou yo, li te avanse tou dousman, pou li voye yon boukèt kouray pou tout famn vanyan yo, ki pa te janm fatige kanpe sou beton an depi jou yo te frennen demokrasi a.

«Aux combattantes familières des piquets de grève
Sous les morsures du froid ...
Aux pieds des parlement ...

O vous infatigables ambassadeurs du béton!»

(Nostalgie p. 44)

Powèm ki rele «Nostalgie» a se yon piki vitamin pou chak gress Ayisyen konsyan, paske se pawòl nou tout li ap charye an remolin pandan nou ap triminen nan diyèmèn lan. Chak fwa nou li «Nostalgie» nou ap santi lavi nou, ansanm ak lavi anpil lòt moun ki chè pou nou, ap fè repondong nan fetay panse nou. Kòm depi gen lavi, fòk gen lespwa, paske lespwa pa dwe fè bék atè, sa lakòz otè a ekril pawòl sa yo:

«Tout un pays en proie à la dérive
Alimente ma peine autant que ma téméraire espérance.»

(Témérité p. 53)

Si yon moun vle wè tout sa ki nan dyakout «AMERTUME» sou plan teknik, li fèt pou li li liv la kè pòpòz, paske otè a sèvi ak yon teknik «dimansyon miltip» pou li kapab rive fè lakobat nan basen sensibilite chak gress moun ki pral li liv la. Anplise sa, ralfò nou dwe byen kanzo pou li pa desounen nou. Konsa, si nou li «AMERTUME», twò vit nou gen anpil chans pou nou fèmèn tèt nou nam yon sèl dimansyon, epi sa kapab lakòz nou pèdi tout cham bélète ekriven an.

Nan «AMERTUME» gen pwezi klasik tankou sa te konn fèt nan disetyèm syèk peyi Lafrans. Yonn ladan yo se «ÉLOGE»,

kote otè a fè yon akwostich ak mo démocratie a epi tout finisman liypwezi yo rime apati prensip pwezi klasik Lewòp la. Men yon lèz nan tèks la.

«Destin de tout un peuple épris de dignité.
Étandard tissé d'or! Hamac de liberté!
Mère aimée des nations, tu garantis nos droits.
Obstacle de tyrans et des esprits étrangers!
Chaton bien ciselé! De la paix forteresse!
Recours des citoyens aux moments de détresse!
Arc-en-ciel éclatant pour célébrer l'honneur!»

(Éloge p. 43)

Pou nou fèmèn pati sou Teknik ekril otè a, nou ap di gen divès pwezi nan pòtchay «AMERTUME», pamì yo nou ka nonmen: pwezi klasik, pwezi modèn... epi gen yon kalite pwezi tou yon moun kapab li san fè jefò nou rele yo pwezi likid. Nan liv la, gen pwoz pwezi, elatriye. Anndan divès pwezi sa yo, ekriven an gen yon fason pou li invoke moun ki dwe resevwa mesaj li a nan yon langay bab pou bab, swa pou li bay moun nan monnen pyès li.

«O Légataire sans vergogne,
O infâme Ambassadeur!

O ange déchu O mésberger de la mort

Si familière à l'oncle,

Plus têtu qu'un âne chargé d'honte

Et de malédiction!»

(Horreur P. 23)

Swa pou li lonje lamen bay moun yo pou yo kapab kontinye chemen rezistans lan ansanm:

Courage!

«O vous infatigables Ambassadeurs du béton!

Courage

À ceux et celles qui,

Perclus de nostalgie

Pensaient aller couler leurs vieux jours

Sous le soleil retrouvé

Du cher pays natal

(Nostalgie P. 45)

Envokasyon sa yo pèmèt nou wè rèl anmwe Serge Fuertes la soti nan fon kè li. Se pa yon rèl anmwe pou li madichonnen panzouyis ak boujwa patripòch ase, se yon rèl lanmou pou peyi li, li pa ta renmen wè aladriv.

Nou espere moun ki pral li «AMERTUME» konprann liv la pa gen sekèr pou pyès moun, se depi alapapòt ekriven an montre nou, ak yon powèm ki rele «Passion» li pa nan jwèt rat-môde-soufle. Si yon moun pèdi wòl li pou li vin kouche antravè sou wout rezistans lan, sa li pran se pa li:

«RÉSISTANCE,

Généreux torrent syncopé d'azur

Qui roule dans les canons de la solidarité»

(Passion p. 2)

Poudayè, ambasadè beton yo pa pote wòb osnon kanson pou bél twal. Yo gen yon sèl pasyon: retablisman demokrasi a sou tè Ayiti.

Lè nou ap li «AMERTUME» nou va wè se listwa nou, kòm pèp nou ap viv pandan li tou cho a. Nou kab wè jès nou, nou kapabb tandé vwa nou, nou kab sonje fatig nou....

Tout sa se yon tranch nan lavi KONBATAN nou, nou pral reviv, epi nou kab kontinye viv pandan lontan, depi je nou plonje nan «AMERTUME».

AYITI ZANTRAY MWEN

Ayiti ala tray
Ala maskay
Ayiti kite ray
Tonbe nan deblozay

Ayiti toujou swaf
Ayiti ap pran baf
Awousa nou yo saf
Yo tankou chat sou waf

Ayiti fanmi pa m
Ayiti zo kòt mwén
Ayiti se namn mwén
Ayiti zantray mwén

Ayiti se venn mwén
Ayiti se san mwén
Ayiti se mwèl mwén
Ayiti se vi mwén

Ayiti manman mwén
Ayiti cheri mwén
Ayiti boulpik mwén
Ayiti bouslik mwén

Le w ap soufri
Namn mwén senyen
Lè w ap jemi
Kè m eklate

Ayiti doulè
Ayiti malè
Ayiti je klè
Tout moun ap toufounen l

Ayiti nan lamelas
Ayiti nan lavalas
Ayiti nan move pas
Li pran nan gate ras

Ayiti cheri mwén
Malfekte yo fwennen w
Demon yo filange w
Bandi yo sizonnen w

Ayiti cheri mwén
Malpouwont malmennen w
Dirjan tizonnen w
Sangwen yo touzipi w

Ayiti cheri mwén
Lavi w pa ka fini
Rèv nou ap boujonnen
N ap ka fè bon rekòt

Menm si nou ta grangou
Lespwa nou tankou grandou
L ap toujou vole wo
Nan syèl ble Bondye a
Christopheles 2 novembre 2024
Christopheles se non batay Christophe Charles,
Akademisyen nan Akademie Kreyòl Ayisen

BIYÈ LITERÈ SOU AYITI ZANTRAY MWEN AK MICHEL-ANGE HYPPOLITE (KAPTENN KOUKOUWOUJ)

An kreyòl, lè nou di zantray se tout anndan nou. Se fon nannan nou. Se rasin nou. Se tout fòs vitalite ki kore anndan nou byen fon epi ki ban nou fòs pou nou rete dyanm. Lè nou di zantray, nou vle pale tou de lasnal mantal ki pèmèt nou vanse avèk sètid. Se la tou, nou jwenn pisans pou nou akonpli bél mèvèy. Lè Christophe Charles rele powèm lan:

«AYITI ZANTRAY MWEN se tout lide sa yo mwén santi ki ap fè ale vini nan lespri li kòm natif natal ayisen.

Powèm lan genyen 11 estwòf ki prezante an gwoup ki genyen 4 liypwezi chak. Sa vle di, se yon Quatrain (en franse). Majorite liypwezi yo genyen yon repetisyon son nan finisman yo. Pi fè estwòf yo dekri reyalite peyi a ap viv jounen jodi a. Pa gen plas pou lalad oswa huisans. Se yon peyi ki ap pran kou. Otè a pran san li pou dekri fason peyi a ap soufri epi divès fason tou limen kom ekriven, li rete konekte avèk peyi a tankou yon fanmi, yon fam, yon manman, yon pati nan kò fizik li.

Ayiti cheri mwén

Malfekte yo fwennen w

Demon yo filange w

Bandi yo sizonnen w

Ôtè a pa lonje dwèt sou pyès moun. Li ap tann. Li di nou li ap soufri, men lespwa kontinye ap monte apik, byen fon anndan li.

Menm si nou grangou

Lespwa nou tankou grandou

L ap toujou vole wo

Nan syèl ble Bondye a.

Wi! Nou dwe viv avèk espwa, menm si se yon lespwa an mal papay. Sepandan, jounen jodi a, nou ap soufri, nou ap kouri, nou ap mourir. **LAVI ANDÈY SOU TÈ AYITI.**

ZOUTI POU YON TRAVAY PWOFESYONÈL

Semenn sa a, nan sekysyon zouti pou yon travay pwofesyonèl, nou va jwenn kèk enfòmasyon ki kapab ede nou prepare yon kominike pou laprès.

KOMINIKE LAPRÈS

Otè: Plim Pou

Yon kominike Laprèse se yon enfòmasyon ofisyèl ou delivre bay manm laprèse yo, san yo pa bezwen deplose, avèk entansyon pou w ba yo yon enfòmasyon ofisyèl, osinon pou ou anone yo yon nouvèl ou vle yo difize bay publik la.

Kominike laprèse la se premye sous enfòmasyon an, sa vle di, moun ki ap bay nouvèl la (osinon moun ki ap bay nouvèl yo) se yo ki premye bay nouvèl la, se nan bouch yo nouvèl la soti an premye.